# A’jiniyaz atindag’i NMPI pedagogika fakulteti pedagogika ham psixologiya ta’lim bag’dari 1D topar talabasi Baymuratova Veneranin’ uluwma psixologiya pa’ninen prezentatsiya jumisi

**Qabillawshi: Sherimbetova Zamiyra**

# Tema: Este saqlaw(memory)

## Reje:

1. Este saqlaw haqqinda tu’sinik
2. Este saqlawdin’ teoriyalari
3. Este saqlawdin' turleri

## Este saqlaw tuwrali ha’r turli tu’sinikler bar bolip,

# Este saqlaw-bul

Adam qabil etken,islegen,so’zshen’ yamasa oylag’an narsesin yadinda tutiwda, saqlawg’a ham bunnan bilay eslewde ko’rinetug’in adamzattin’ o’tmish tajiriybesinin’ sa’wleleniwin ***este saqlaw*** dep ataydi.

**Este saqlaw** degenimiz-este saqlaw,eske tusiriw ha’m umitiwda payda bolatug’in aqliy xizmet

Este saqlaw→bul qa’de bolg’aninday-aq jan’a na’rseni adamnin’ sanasinda bar na’rse menen baylanistiriw boladi.

Este saqlaw-bul qaqiyqatliqtin' burin qabil etilgen zatlarinin' ha'm qubilislarinin' obrazlarin este tutiw,este saqlaw ja'ne eske tusiriw boladi.

Este saqlaw-bul yadlap alg’an na’rseni yadta tutiw,yag’niy miydegi izlerdi ha’m baylanislardi saqlaw boladi.

**Este saqlaw**
protsesslerinin’ tiykargi
o’zgeshelikleri
psixologiyaliq,neyrofizi
ologiyaliq ha’m
bioximiyaliq
bag’darlarinda
uyreniledi.

# Ilimpazlardin' este saqlaw u'stinde alip barg'an miynetleri:

1885jil Ebbin Gaus eske alip qaliw protsessleri haqqinda miynetlerin jaratadi.

XX a'srdin' 30jillarinda Rossiya psixologlari L.Vigotskiy,A.Zamkov,I.Zinchenko,A.S Mirnov h.t.b. alimlar este saqlawdin' turli ta'replerin uyrendi.

# Este saqlawdin' psixologiyaliq teoriyasi:

- ***Assotsiativ teoriya-***yag'niy belgili bir bilimler insan sanasinda izbe-iz orin aliw sebepli olarda assotsiativ baylanisliliq juzege keledi. Usi baylanisliliqtag'I qandayda bir na'rse iske tusiriliwinde qalg'an na'rselerde este saqlawda payda boladi.
- ***Geshtalt teoriya-***(gestalt) obraz degen ma'nini an'latip, bul teoriyanin' tiykarg'i ta'liymati este saqlaw bir putin qadiyse sipatinda analiz etiledi. Bixeviorizm-onin' mazmuni este saqlawdin' takrarlaniwinin' na'tiyjesinde a'melge asadi. Freydizm-mazmuni mativler ham zarurlikler menen baylanisadi,emotsialar jardeminde este saqlanadi.
- ***Bioximiyaliq teoriya***-yag'niy nerv kletkalarinda sirtqi ta'sirler astinda ju'z beretug'in o'zgerislerdi ju'zege keltiriw ham este saqlaw protsessinde DNK ham RNKnin' a'hmiyetin aniqlawg'a qaratiladi.DNK este saqlawdi genetikaliq tuwma tasiwshi sipatinda,RNK individual este saqlawdin' ontogenetik tiykari sipatinda….

# Este saqlawdin' tu'rleri:

Obekti,yag'niy este saqlanatug'in na'rsege (zatlar ha'm qubilislar,pikirler,ha'reketler,sezimlerge) tiykarlanip este saqlaw: ***obrazli este saqlaw, soylew-logikaliq, ha'reket etiwshi (motorliq)*** ha'm ***emotsianalliq*** bolip bo'linedi.

# Este saqlawdi jigerli ta'rtipke saliw darejesine qaray bo'linedi;

Erkin

Erkin emes

# Este saqlap qaliw dawamlilig'ina ko're bo'linedi:



Obrazli este saqlawdin' kishi turlerin-ko'riw,esitiw,tiyip seziw,iyis ha'm da'm seziw yadlarin ayirip shig'aradi

# Obrazli este saqlaw

Iskusstvo menen shug'ullaniwshi adamlarda: xudojniklerde,sa'zendelerde, jaziwshilarda obrazli este saqlaw joqari da'rejede rawajlang'an boladi.

Kompozitor,Motsart,M.A.Balakirev,S.V.Raxmaninov quramali muzikaliq shig'armani tek bir ret g'ana tin'lap ko'riwden-aq este tutip qalatug'in bolg'an.

# Soylew-logikaliq este saqlaw

M'anini este tutiw-bul oqiw materialinin' uluwma ha'm en' ahmiyetli tareplerin este tutiw jane ahmiyetsiz detallarg'a ham ozgesheliklerge alan' bolmaw degen so'z

Este saqlawdin' bul turi ayriqsha adamzatqa ta'n boladi. Haywanatlarda soylew-logikaliq este saqlaw bolmaydi,biraq este saqlawdin' qalg'an ushewi ne iye boladi

Ma'nili materialdi este tutiw ham eske tusiriw oylaw protsessleri,adamnan aqil jag'inan rawajlaniwi,onin' bilim zapaslari menen tig'iz baylanisli boladi

Soylew-logikaliq este saqlaw pikirlerdi,tu'siniklerdi,so'z benen bildiriletug'in aniqlamalardi este tutiwdan,este saqlawdan ham eske tusiriwden ibarat boladi.

## Ha'reket etiwshi (motorliq) este saqlaw ha'reketlerdi ham olardin' sistemalarin este saqlaw jane eske tusiriwde ko'rinedi

Ha'mme adamlar hareket etiwshi este saqlawg'a iye boladi. Biraq ol harkimde belgili darejede har turli bolip korinedi.

Qandayda bir hareketti ko'z aldina keltirgen waqitta ba'rhama tiyisli bulshiq etler biliner-bilinbes, sa'l-pa'l hareketke keletuguni aniqlang'an

Hareket etiwshi este saqlaw,este saqlawdin' basqa turlerinen burin rawajlanadi. Ol na'restede omirinin' da'slepki ayinda ko'rinedi. Balalar da'slep en' a'piwayi hareketlerdin' tar shenberin o'zlestirip aladi.

Emotsianalliq este saqlaw-bul bastan keshirgen sezimlerdi este tutiw boladi

Emotsianalliq este saqlaw adamnin' jeke kelbetin qa'liplestiriwde u'lken a'hmiyetke iye boladi

Emotsianalliq este saqlaw-adamnin' ruwxiy jaqtan rawajlaniwinin' en' a'hmiyetli sha'rti

# Erkin ha'm erkin emes este saqlaw

- Anaw yaki minaw materialdi este saqlaw yaki este tusiriw boyinsha arnawli maqset qoymasa ham sol material o'z-o'zinen arnawli usillardi qollanbastan,jigerlilik jag'inan kush jumsawsiz eske saqlana berse,bul *erkin emes este saqlaw* boladi.
- Egerde este tutiw boyinsha arnawli maqset qoyilsa,tiyisli mnemikaliq («mneme»grek so'zinen aling'an bolip,este saqlaw degendi bildiredi) usillardi qollansa,jigerlilik jag'inan kush jumsasa,bul *erkin este saqlaw* boladi.
- Erkin emes este saqlaw rawajlaniwda erkin este saqlawdin aldinda turadi.
- Na'restenin' turmisliq ta'jiriybesi da'slep erkin emes eske tu'siriwge quraladi ham ol na'reste ta'repinen este tutiw tuwrali arnawli niyetsiz ja'ne arnawli kush jumsawsiz qolg'a kirgiziledi.

**Qisqa mu'ddetli-**belgili da'rejede az dawam etetug'in (birneshe sekund yaki minut),biraq jan'a g'ana qabil etilgen zatlardi ha'm qubilislardi eske tu'siriw jetkilikli protsess boladi.

- Qisqa muddet otkennen son' ta'sirler joq bolip ketedi,ham adam adette qabil etilgen narseden qandayda bir narseni eske tusire almaytug'in bolip qaladi.
- Tekstti basip atirg'an mashinistkanin' este saqlawi usinday boladi.

**Uzaq mu'ddetli-**belgili da'rejede dawamlilig'I ha'm qabil etilgen materialdin' tiyanaqli este saqlaniwi menen sipatlanadi.

- Uzaq muddetli este saqlawda adette ozgergen anag'urlim uluwmalasqan ham sistemalasqan turinde saqlanatug'in bilimlerdin' toplaniwi juz beredi.
- Egerde qabil etiw emotsianalliq jaqtan ta'sirli og'ada ayqin ham kushli bolsa yaki takirarlaw orin alsa,onda birinshi basqaishtin' tiykarinda payda bolatug'in ekinshi basqaish baslanadi-yag'niy bioximiyaliq reaktsiya juz beredi. Bul uzaq muddetli este saqlawdin mexanizmi boladi.

Operativ este saqlaw dep→operatsiyani,xizm ettin' ayirim aktin orinlawga jumsalatugin waqit dawaminda qandayda bir mag'luwmatlardi este tutiwdi ataydi.

Operativ este saqlaw sonday-aq tapsirmani tabisli turde orinlar shig'giw ushin zarur bolgan burin ozi iyelep algan bilimlerdi sanali turde eske tusiriwi tiyis uzaq muddetli este saqlaw.

Geypara psixologlar operativ este saqlawdi qisqa muddetli este saqlaw dep ataydi,al qisqa muddetli este saqlawdi tusindiriw ushin «ultraqisqa este saqlaw» degen termindi paydalanadi.

# Paydalanilg’an a’debiyatlar:

«Psixologiya»
avtor: Vadim Andreevich Krutevskiy
1991 jil